

Òganizasyon Planifikasyon Transpò (TPO) Miami-Dade gentan kòmanse travay pou devlope Plan Transpò Alontèm (LRTP) pou 2050 ke Konsèy Administrasyon TPO a ta dwe adopte anvan ete 2024 la. Vizyon TPO a se reyalize yon mobilite klas mondyal ki ankouraje ekite, aksesibilite, ak konpetitivite ekonomik, avèk priyorite sou rezilyans ak inovasyon, pou avansman rezo transpò ak kalite lavi nan Konte Miami-Dade, pou jenerasyon kounye a ak jenerasyon ki ap vini.

### KI SA LRTP YE?

LRTP pou 2050 TPO Miami-Dade la reprezante yon orizon planifikasyon alontèm 25 ane pou anvizaje devlopman, jesyon ak fonksyònman entegre yon rezo transpò miltimodal, san danje, ekite, e efikas pou Konte Miami-Dade.

Li estratejik e konplè nan idantifikasyon amelyorasyon transpò piblik, otowout, kago, ak transpò ki pa motorize pou rezoud pwoblèm mobilite, sekirite, pwoteksyon, rezilyans, ak nouvo teknoloji, pandan li ap konsidere tou kou fezabilite pou nesesite enfrastrikti transpò Konte a ki deja egziste e alavni.

### KI SA PWOSESIS LA YE?

LRTP pou 2050 TPO Miami-Dade la anglobe yon pwosesis ki gen senk faz jan chema a montre: Moun, Pèfòmans, Pwojè, Priyorite, ak Politik.

Tout senk faz yo travay ansanm youn ak lòt pou mete Plan an ajou sou baz analiz teknik ak patisipasyon kominotè. Kou yo adopte LRTP pou 2050 lan, li va etabli kontèks tandans ki genyen kounye a nan Konte Miami-Dade, li va reflekte objektif alontèm rezo transpò a, epi li va priyorize finansman pou bezwen moun ki pran transpò piblik yo eksprime.

### POU KISA SA ENPÒTAN POU OU?

Objektif global la se asire LRTP pou 2050 TPO Miami-Dade la reflekte tout valè ak bezwen divès kominote anndan Konte Miami-Dade yo va genyen nan kad transpò alavni.

### KI FASON MOUN KA BAY PATISIPASYON YO?

Youn nan fason ki pi efikas pou moun ranseye yo osijè bezwen an mobilite yon kominote, se atravè patisipasyon. TPO Miami-Dade la pral ofri opòtinite alafwa vityèl e prezansyèl pou moun idantifye aspirasyon alontèm pou sistèm transpò Konte Miami-Dade la nan tout divès etap enpòtan nan pwosesis devlopman Plan an.

Enskri sou sit entènèt ki make anba paj la pou w rete okouran aktivite ki pral fèt ak dènye nouvèl Plan an, epi pou w voye kòmantè.

### FAZ AK OBJEKTIF LRTP POU 2050 LAN



**MOUN**  
Egzekite Plan  
Patisipasyon Piblik  
*Otòn 2022 – Ete 2024*



**PÈFÒMANS**  
Revize Politik e  
Etabli Bi ak Objektif  
*Ivè 2022 – Prentan 2023*



**PWOJÈ**  
Analyze Rezo Transpò a  
epi Evalye Plizyè Altènatif  
*Ivè 2022 – Ete 2024*



**PRIYORITE**  
Drese Lis pri posib pou  
pwojè transpò  
*Prentan 2023 – Ete 2024*



**POLITIK**  
Adopte LRTP pou  
2050 TPO  
Miami-Dade la  
*Ete 2024*

Kontak: Elizabeth Rockwell, TPO Chief Communications Officer, telefòn 305-375-1881, imèl [Information@mdtpo.org](mailto:Information@mdtpo.org)

#MiamiDadeIn2050 #MiamiDadeTPO | [www.miamidadetpolrtp2050.com](http://www.miamidadetpolrtp2050.com)